# Нана

**Сан Нана, хьо хесто дош суна дисна дац,**
**Леррина уьш лехьош, хьо хесто воллу со.**
**Хьан т1ома к1елхьара хеназа яьккхина,**
**Орцаха хьо йоьхуш хийла йо1 йилхина.**

**Ц1аьххьана хьоьх ваьлла, хьо гаре сатуьйсуш,**
**Хьомсарчу хьан к1анта хьо хестош къурдаш до.**
**Меженаш шелъелла, хьо гаре сатуьйсуш,**
**Биллинчахь сецна б1аьрг, хьа суьрте хьаьжна бу.**

**Дагна вас оьккхуьйтуш баьккхинчу когана,**
**Ма биллалахь суна бехк, со тахна къера ву.**
**Хьомсара сан Нана, бовхачу хьан некхехь**
**Стигларчу седане дуьххьара хьаьжна со.**

**Пхьор доцуш хьо тийжаш, коьртали бовха т1ам**
**Сан дег1ах хьерчабеш, ахь хала кхиийра со.**
**Ас хала хетийтарх, сан дагна вас ца йеш,** }
**Ахь, Нана, собарца бохамах ларви со.** } **2р**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)